ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛІЫЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№165 (22.573) • 2013 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 28, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

Къэщкъэтау деж щыхэкІуэда зауэлІхэм фэеплъ хуагъэувынущ

37-нэ армэм и етІуанэ фочауэ дивизэм и 875-нэ полкым и зауэлІрэ офицеру 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 27 - 28-хэм хэкІуэдахэр щІэлъхьажьымкІэ икІи абыхэм фэеплъ яхуэгъэувыныщ комиссэм и зи чэзу зэпхыгъэр иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Уянаев Казым.

АХЭР жылагъуэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ хуэзэу Щэрэдж псым и сэмэгурабгъу Іуфэм щыщІалъхьауэ щытащ. Ауэ яхыкІыныкІуэ ИлъэсхэМ псыр куэдрэ кьиуащ, абы кьыхэкІыу джабэр кьрилъэсхэку екІуэкІыуРэ, псыр кьыдэкІуэтэйри, кьхащьхэхэр илъэсу хуежьащ. Абы кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ зауэлІхэм я къхэр гъэІэпхъуэныжкІэ комиссэ.

ЗэІуцІэм щытепсэлъыхьащ Къащкъэтау поселкэр фашистхэм ящыгьэхъуна 875-нэ полкым и зауэлІхэмрэ офицерхэмрэ я фэеплъыр хьумэным теухуауэ яубзыхуа планыр гъэзэщІа зэрыхъум. Абы ипкъ итКІэ куэд ялэжьащ. Хэкіуэдахэм я къэщкъэхэр кьаза щыпсыІэу кьащэуэтыжащ икІи ахэр щІэуэ яубзыхуа щІыпІэм ягъэІэпхъуащ. Абы теухуа дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, республикэм и Правительствэмрэ Парламентымрэ щыщІэхэр, КъБР-м щыІэ гъунапкъэхьумэ управленэм, дзэ комиссариатым я унафэщІхэр, районым, кьуажэхэм я администрацІэхэм, ветеран, жылагъуэ зыгуфэзэныгъэхэм я ліыкІуэхэр, дин лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэм ящыщ куэд. Къхащьхэм пІалъэкІэ щытыну сын трагъэуващ. Иджы конкурс ирагъэкІуэкІынущ фэеплъ комплексым и проект нэхъыбІыр кьыхэхыным теухуауэ. Къащкъэтау щауэхуну мемориалыр кьызэІуахыну я мурадщ. ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпІэным хиубыдэу, 2015 гъэм накьыигъэм и 9-м.

Уянаев Казым комиссэм хэт псоми фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэшхэр зэрырагъэкІуэкІам, Іуэху псори тэмэму зэрагъэзэщІам папщІэ икІи хэкІуэдахэм я къхащьхэхэр къэгъэуэтыжыным нэхъ жыджэру хэтахэм щІыхь тхылъхэр иратыну кьыхилъхьащ.

ХАДЖИЕВЭ Фатімэ.

● Къулыкъуэр

Прохладнэ къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Бирюк Александр

Прохладнэ къалэ округым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советым и зи тесэнем щыпалъэ администрацэм и Іэтащхьэу зэдзарэзыуэ щыхахащи Бирюк Александр.

БИРЮК Александр Анатолэ и къуэр 1968 гъэм Прохладнэ къалэм къыщалъхуащ. Ленинград дэт инженер-уэуакІуэ институтыр 1992 гъэм, Щыхубэ хозяйствэмрэ къэрал кІуэлыкІуэмкІэ УФ-м и Президентым и дежи щыІэ Урысей академиер 2013 гъэм кьиуащ. Совет армэм кІуэлыкъу щищІащ.

Абы Прохладнэм дэт ягъэІэпхъуэ механизированнэ колоннэм и ууэкІуэ участкэм и мастеру 1992 гъэм лэжьэн щІидзащ. 1994 - 2003 гъэхэм «Кьэббалъкъгаз» ОАО-м и «Прохладнэгаз» Іуэхущ Іапі эм и кьудамэм и унафэщІу щытащ, 2003 - 2013 гъэхэм а Іуэхущ Іапі эр дыдэм и унафэщІу лэжьащ.

2003 гъэм кьыщегъэжьауэ ар Прохладнэ къалэ округым, Прохладнэ муниципалъэ районым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советхэм я депутату щытащ, 2012 гъэм «Урысей зэкъуэт» партым кьыбгъэдэкІыу КъБР-м и Парламентым и депутату хахащ.

КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Щыхь тхылъхьэр кьыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ зэрыззэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадз

● Кавказ Ищхъэрэ

КъБР-м щыхуб хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министр Кумахуэ Мухьэдинрэ Дагъыстэн Республикэм лъэпкъ политикэмкІэ и министр Гасанов Алексейрэ Мэхьэчкьалэ Іэ щыщІадзащ а ведомствэхэр зэрыззэдэлэжьэну щыкІэм теухуа зэгурыІуэныгъэм. Дагъыстэным зэрыдэлэжьэнум теухуа апхуэдэ документхэм а махуэ дыдэм Іэ щІадзащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и адрей субъектхэми я ліыкІуэхэм.

ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭХЭМ Іэ щІадзащ Кавказ Ищхъэрэм и субъектхэм я кьэрал властым и гъэзэщІакІуэ органу лъэпкъ политикэмрэ хьыбарегъащІэ политикэмрэ я лъэныкъуэкІэ полномочие зиІэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэу мыбы щекІуэкІам хиубыдэу. 2025 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм щрагъэжьауэ кьэрал лъэпкъ политикэм и стратегием щытепсэлъыхьа зэІущІэм кьрихьэлІащ Урысейм щыпІэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэм ехьэлІа кьэрал политикэмкІэ и департаментым и унафэщІ Журавский Александр, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэм и къэнэхэр пІалъэмІэ зыгъэзащІэ Абдулатипов Рэмэзан сымэ.

Кьумахуэ Мухьэдин и псалъэр триуфэщ къэрал лъэпкъ политикэр пкыгъэкІыным хуэгъэзауэ КъБР-м щызэфІагъэкІэхэм инри Іуэху пыухыкІахэр кьыхитхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм я зэдэлэжьэкІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал лъэпкъ политикэм и Іыхь» пыухыкІащ лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным, дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ абыхэм къэралым и дэлэпыкъуныгъэ етыныгъэ ятеухуа республикэ программэ хэхахэр. Зэгъэнэгъу республикэхэр зэдэлэжьэным щыбдзэу министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ зэпыщІауэ щытыным кьыдэкІуэу, мы лэжьыгъэм дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри кьыхэшэн хуейуэ кьызэольытэ», - жиІащ Кьумахуэ Мухьэдин.

ЗэІущІэм хэтахэм кьызэраІыятамкІэ, кьапэщыт кьалэнхэр тэмэму гъэзэщІа хьун папщІэ лъэныкъуэхэр печатым кьыгъэдэзэну, телевиденэмкІэ кьатыну тхыгъэхэмкІэ нэхъ зыубгъуауэ зэхъуэжьэн хуейщ. Абы кьыдэкІуэу зэтегъэувэжыпхъэщ творческэ гупхэр: ансамблхэр, щыхубэ театрхэр, симфоние оркестрхэр нэгъуэщІ республикэхэм щІэх-щІэхыурэ кІуэуэ зэрыщытар.

ПІщыгъуэш Асият.

Хьэршым щыІэхэми пащІащ

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий дыгъуасэ щыІащ Жуковскэм икІи дунеипсо авиа-хьэрш салоным щагъэлъагъуэхэм щыгъуаз зищІащ.

Правительствэм и Унафэщым и къудзэ Рогозин Дмитрий, къэралым и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Иванов Сергей, зыхьумэжыныгъэмкІэ министр Шойгу Сергей сымэ щІыгъуу Медведевыр епльащ ракетэ, къхъулъфатэ лІэужьыгъэщІэхэм. Апхуэдэу, мы зэманым хьэршым щыІэ космонавтхэм пащІэри, Медведевыр абыхэм ирагъэпсэльащ, я Іуэху зыІутым щІэупщІащ.

«Урысейхьэршым» и павильоным нэмыщІ, Правительствэм и УнафэщІыр щыхьащ хамэ къэрал авиакорпорацэхэм я хэщІапІэми.

Медведевым зэрыжиІамкІэ, ильэгъуа псоми ящыщу нэхъ игу ирихьар Урысейм и МЧС-м папщІэ ящІа Ка-226Т жьыхуІытэрщ.

ЩІыуэпсым зэраныщхуэ хуэхъухэр

Норильск, Москва, Санкт-Петербург кьалэхэр Урысей Федерацэм и щІыуэпсым нэхъ зэраныщхуэ хуэхъухэм ящыщу кьалытащ а щытыкІэм кІэлъыплъ Іэщ Іагъэлъ Іэхэм.

ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, узыщыгуфІыкІын хьыбархэрэщ щыІэщ - къэралым и адрей кьалэхэм я нэхъыбапІэм абы и лъэныкъуэкІэ щытыкІэр щефІэкІуащ.

«Хьэуам гъуэз фІей нэхъыбэ дыдэ хэзыутІыпщхьэр Норильскщ - щыхуитыпщ. Хуабэр махуэм градус 25 – 28-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырыр **ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Президент хъуну хуей щхьэкІэ...

Мы гъэм жэпуэгъуэм и 9-м Азербайджаным щекІуэкІынущ президент хэхыныгъэхэр.

Абы кандидату хэтын мурад иІащ сценарист щІэрыІуэ Ибрагимбеков Русгам, ауэ а къэралым и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм абы и дэфтэрэхэр Іихьи идакьым, абы и щхьэусыгъуэри кьыжраІакъым. Ибрагимбековым и закъуэт Демократие къарухэм я лъэпкъ совет оппозицэ гупым щыщу зыкъэзыгъэлъэгъуар.

Дыззрыщыгъуазэщи, а президент хэхыныгъэхэм и кандидатурэр кьыщигъэлъэгъуэн щхьэкІэ, Ибрагимбековым урысей паспортыр итыжауэ щытащ.

Норильск, Москва, Санкт-Петербург кьалэхэр Урысей Федерацэм и щІыуэпсым нэхъ зэраныщхуэ хуэхъухэм ящыщу кьалытащ а щытыкІэм кІэлъыплъ Іэщ Іагъэлъ Іэхэм.

■ ТхьаІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мыз Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунеим и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІыпынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 28-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

● Щэджэм щынальэ

И зэфІэкІхэм хегъахъуэ

Іэщ гъэхъуным гульытэ хэха щыхъуащ «Щэджэм и зэкъуэм Іуэхущ Іапі эм. Абы Іэщыпхъуэ 800 иІэщи, 200-р жэм кьаущ, адрейр лыхэкІкІэ зыщыгугъ ІэщІэвыщІэщ. Кьапщтэмэ, яджыпсту иІэщ щІэпхуэу ягъашхэ Іэщ 200.

«ІУЭХУР къэзылъахъэр льифІ, лы кьабзэ зыщэхун зэрыщымыІэрщ», - жеІэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Шаваев Артур. - Лы хэпльыхьар япэ кьэсым кьыпхуигъэльагъуэ уасэкІэ епт хуэркьым, тебгъэкІуэдар кьыззэрыщІумыхьыжыр нэхъ хэмыльми.

ІэщІагъэлІым кьыззэрилъытэмкІэ, псом нэхърэ нэхъыфІыр лыхэкІымрэ гъэшІымрэ кьэзылэжьхэм ар хуиту щащэфын щІыпІэхэр яхуэхъыныр, апхуэдэу дпІэхэм зегъэужьыныр.

Мэкъуэмэшм, Іэщ гъэхъуным зезыта щІыхуэхэр хьэрхуэрэгъуэхэм ящІэтэныфын хуейщ. Ар кьащехьулІэнур щэн-кьэщэхуным фІыуэ щыгъуазэ икІи а кьалэным пэлъэщыфын Іэщ ІагъэлІэр ящІэмэщ.

Сыт хуэдэу зэманыр мыгугъуми, «Щэджэм» СХП-м зэфІэкІыу иІэр ирехьэлІэ и лэжьыгъэр зэрригъэкІуэтэныным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Уней хозяйствэхэм

Ику иту проценти 3-кІэ нэхъыбэ

Къэбэрдей-Балъкъэрстатым кьызэритамкІэ, мазибл кІуам республикэм и хозяйствэ «Лъужьыгъуэ псоми былымыдр» джэдкьаІэзыу тонн мин 46-м щІигъу, гъэщу тонн мин 240-м ящблагъэ кьащалъхьащ, джэдыкІуэ мелуани 106-м щІигъу кьыщрахащ. А бжьыхэр ирагъэкІ и апхуэдэ лъхъэным ельытауэ ику иту проценти 3-кІэ нэхъыбэщ.

ГЪЭШУ кьашым и процент 69,5-р, джэдыкІэу кьрахым и процент 84-р ynaгъуэхэм хуоэз. Лым и процент 40-м щІигъуи ужьей подсобнэ хозяйствэхэм кьащалэжь.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Къэрал Іуэхущ Іапі эхэм

Зэпымыуэ къепщытэ

КъБР-м Щыхуэхэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщыныжкІэ и къэрал комитетым зэпымыуэ къепщытэ Іэнатіэншэу ятхыр зыхуэдэзыр.

А ІУЭХУЩІАПІЭМ Іэнатіэ кьахуэлъыхьэныжмрэ лэжьыгъэ рынокъжкІэ и кьудамэм и унафэщІ Мамбэт Фатімэ зэрыжиІамкІэ, мы зэманым лэжьапІэншэу ятхар щыху 8433-рэ нэхъу. Ар гъэм и пащІадзэм ельытауэ 500-м нэскІэ нэхъ мащІэщ. Псори зэхэту Кьэбэрдей-Балъкъэрым Іэнатіэ зимыІэу щатхар процентри 2,2-рэщ.

КьышцынэмыщІауэ, а зэманым кьрибудэу Іэнатіэ хуиту абыхэм хуагъэхьатауэ 560-м щІигъукІэ хэхъуащ.

КъБР-м Щыхуэхэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщыныжкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

● Уней хозяйствэхэм

Ику иту проценти 3-кІэ нэхъыбэ

Къэбэрдей-Балъкъэрстатым кьызэритамкІэ, мазибл кІуам республикэм и хозяйствэ «Лъужьыгъуэ псоми былымыдр» джэдкьаІэзыу тонн мин 46-м щІигъу, гъэщу тонн мин 240-м ящблагъэ кьащалъхьащ, джэдыкІуэ мелуани 106-м щІигъу кьыщрахащ. А бжьыхэр ирагъэкІ и апхуэдэ лъхъэным ельытауэ ику иту проценти 3-кІэ нэхъыбэщ.

ГЪЭШУ кьашым и процент 69,5-р, джэдыкІэу кьрахым и процент 84-р ynaгъуэхэм хуоэз. Лым и процент 40-м щІигъуи ужьей подсобнэ хозяйствэхэм кьащалэжь.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Унэтіыныгъэ нэхъыщхьэхэу бгъу

«Мэшыкъуэ 2013» кавказпсо зэхьхьэм ныбжьыщІэ 2500-м щІигъу хэтщ. Мэшыкъуэ Іуащхьэм и лъапэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэтъуагу псоми къыкІа щІалэгъуалэр, апхуэдэуи Красноярск, Краснодар крайхэм, Волгоград, Ленинград, Киров, Тверь областхэм, Азербайджаным, Армением, Украинэм, Чехием, Эстонием, Осетие Ипщэм щыщІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щыхэхуащэсащ. ЗэІущІэм ипкъ итКІэ, унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу бгъу яубзыхуащ: студент гупхэр, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр, политикэ, гъащІэ узынщэм и тельхьэхэр, информационнэ технологиехэр, псапащІэ, си Іуэху: къуажэ, предприятэхэр, туризм, творческэмрэ щэнхабзэмрэ, ТекІуэныгъэ-70.

Ныбжьыщ Іэхэр зыщІэдзІуну дерсхэр кьыхахыу едэІуэн хуейуэ аращ. Абыхэм кьыщынэмыщІауэ, Мэшыкъуэ хьащІэ Іъапэхэр, кьэралым щыщІэрыІуэ щІыухэр кьеблагъэуэр щІалэгъуалэм йопсалъэ.

«Мэшыкъуэ 2013»-м нэхьыбэу зи гугъу щащІар Кавказ Ищхъэрэм исхэр гъэкІыгъэ Іэнатіэхэ кьызэгъэпэщыныр, абы ехьэлІауэ щыІэ хэкІыпІэхэр кьэтъыхъуэныр.

Хьэрычэтыщэмрэ бизнес щыкІымрэ Кавказ Ищхъэрэм зыщегъэубгъуныр кьэралым гульытэ зыхуищІэм ящыщу. ХьэрычэтыщІэ щІалэхэм я жэрдэмыр даІыгъын, абыхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ, ди щІыналъэм программэ зыбжанэ щоІажъ, а хуабжьу сэбэп мэхъу ныбжьыщІэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэща хьэныкІэ.

ЩІалэгъуалэм гъэжьыгъэ ягъуэтын папщІэ кьэралым Іэнатіэщ Іэхэр кьызэрызэІуихым кьищынэмыщІауэ, ди щІыухэр хамэ кьэралхэм гъэкІуэным, апхуэдэ щІыкІэкІэ я къэхъыным зегъэубгъуным нужьрей зэманым зыужьныныгъэ егъуэт. Абы теухуат «Мэшыкъуэ 2013»-м и етІуанэ Іыхьэр кьыщызэІуахым ЩІыналъэ зэхуаку Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ **Мельников Олег** ныбжьыщ Іэхэм ядригъэкІуэкІа зэІущІэр.

Іэнатіэ лъыхъуэу ди щІыналъэм икІэр нэхъыбэу зыщІэупщІэр пІалъэкІэ щылэжьэнщ, дунеим и пІалъэ кьащІауэ кьагъэзэжьын хуэдэу.

ПОЛИКАРЕНКОВЭ Ольгэ.

Гушхуарэ бзэми хэгъуэзауэ

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Ди газетым зэрытетащи, Нашишк дэт «Кьурш псынэ» сабий зыгъэпсэхупІэм щыхьэщІащ Тыркум, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм, Ставрополь краймрэ, Мейкьуапэ кьикІа ди лъэпкъгъэу ныбжьыщІэхэр. Абыхэм я нэгу зэрызэпичьэр, щІэщыгъэр куэд зэрыщІэгъуэр, адыгэбзэм зэрыкъэгъуэгъэр кьыщыпщІэрт зэныбжьэгъугъэ лагерыр щызэхуащІыжа гуфІэгъуэ зэхьыхьэм.

ТХЬЭМАХУЭ махуэм екьэжьыну сабийхэм гъузэгу махуэ жраІэну зыгъэпсэхупІэм и пщІантІэм щызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм адыгэбзэр ешыгъэджа, КъБКъУ-м и педколледжым и егъэджакІуэ Мыкьуэжь Людмилэрэ я анэдэлъхубзэ «дерсыр». Хьэщ Іэхэм яхэтт анэдэлъхубзэр зыщІэхэри абы иримысапсалъэхэри. Ди щІыналъэм зэрыщыІа махуэ бжьыгъэм псалъэ куэд кьызэращІар, кьэпсалъыкІэми хуэшэрыуэ зэрыхъуар гъэщІэгъуэнт. Ахэр зэпеуащ псалъэжьхэмкІэ, псынщІэрыпсалъэхэмкІэ, махуэщІэхэр, мазэщІэхэр кьрабжэкІащ. Гъэхуауэ кьеджащ Къагъырмэс Борис и «Мухьэмэд, си ныбжьэгъу, дыгъэкІуэж Кьэбэрдейм», Бицу Анатолэ и «Мамэ», Хьэту Пётр и «Маринэ», Нало Заур и «Заринэ», Гъубж Мухьэдин и «Къэрабэ» ycэхэм, нэгъуэщІхэми...

Япэу псэльапІэр хуит хуащІащ КъБР-м щІыхьэ зыбгъэрегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Герговэ Жамболэт**.

- ТхьэмахуэтІыр напІэзыпІэм хуэдэу блэпьэтащ, ауэ фи дежкІи дэркІи гукъинэж хъуну кьысщоху, ныбжьэгъу фызэхуэхъащ, хабзэм, щэнхабзэм теухуауэ щІэкуэд кьэфщІащи. Бзэр, хабзэр хьумэным и хэкІыпІэфІу ар кьызольытэри, дяпэкІи фыкьытхуеблагъэ, фыкьытхуэкІуэ, еджапІэ кьыхэфхын хуей хьуми, мыбыкІэ фыкьэгупсысэну ди гуапэщ, - жиІащ абы.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ **Нанэ Лерэрэ** «Къурш псынэ» зыгъэпсэхупІэм и унафэщІ **Абыдэ Хьисэрэ** кьыщыпсалъэм жаІащ тхьэмахуитІыр нэгуэныжь ящыкъуамэ зэрарІэфІыр, ильэгъуэмэрэ ягу ирихьахэмрэ я ныбжьэгъухэм хуаІуэтэжу хэкужьыр зэзыгъэльагъуну хуейхэм я бжьыгъэм кьыхэгъахъуэмэ гуапэ зэращыхъунур.

Тыркум кьикІа адыгэ гупым и унафэщІэху Тхьэкъуахъуэ Дамир, Кьардэн Асым, балъкъэрхэм я ліыкІуэхэм я пашэ Зюгюль Шэрэфудин, Осетие Ищхъэрэ - Алание кьикІа адыгэ гупым и унафэщІ Субботинэ Раисэ сымэ фІыщІэ ин хуащІащ я кьакІуэр кьызэзыгъэпэщахэм, зыгъэпсэхупІэм и пэжьакІуэ-гъэсакІуэхэм дежи щегъэжьауэ шхын Іэфхэмкіэ сабийхэр зыгъэтхъэжа пщафІэхэм дежи щыщІэжьжу ныбжьыщІэхэм зыгуэр яхуэзыщІа псоми. Абы хэм ядэлэжьахэу Хьэгъундокъуэ Борис, КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэр иджыблагъэ кьэзыухахэу Зогъэщтокъуэ Зурьянэ, Ташу Оксанэ, ЦІагъуэ Маринэ сымэ фІыщІэу хуащІыр я Іэгуауэм кьигъэльагъуэрт.

Апхуэдэу лагерыр зыхуей хуэзэу лэжьэным зи гуащІэ езыхьэлІахэр щІыхь тхылъхэмрэ фІыщІэ тхыгъэхэмкІэ ягъэпэжащ. ЗэІущІэр адыгэ, урыс, балъкъэр уэрэдхэмрэ макъамэ гуакІуэкІэ зрэдэхащ. Музыкэ театрым и солистхэу Бекъул Аслъэнрэ Гергокаевэ Хьэлимэтрэ, Барсуковэ Фарузэ, Балъкъэр къэрал драмэ театрым и актер Мизиев Іэбубэчыф сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЩІыналъэ зэхуэмыдэхэм кьыкІа щІалэгъуалэр кІуэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр фІыкІэ ягу кьинауэ. Иджыри Іэджэрэ кьытрагъэзэну, еджапІэ кьэкІуну, адэжь щыналъэм къэзыгъэзэжьынэхэр къэхэкІыну я ягъэщ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Хъыбар гуауэ

Хъэнасир мэгуІэ

Сирием щекІуэкІ зауэм и гуэзвэгъуэм дэ Іэпхъкъэгъуэхэри хэтщ. Адыгэр нэхьыбэу щыпсэу Хьэнасир кьуажэм дэсахэм я щхьэр маф Іэм хахри, я благъэ-Іыхьлы зэдэщІэ кьалэхэм Іэпхъуащ, ауэ абы кьыдэнаэхэри машІэкьым.

СХЪ-м и Президентым и дзэмрэ абы кьыпэщІэуваэхэмрэ зэпаубыда кьуажэ щІыІум махуэ зыбжанэ и пэлъэ зэхэуэу гуащІэ щекІуэкІащ. Сирием зауэ щІызыублахэм ящыщ кьуажэм ебгъэрыдэуэри, президентым дэщІ щІыху 50-м нэблагъэ яуІащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, уІэгъэ хьуахэр куэдщ, яукІахэм адыгэ щалих яхэтщ. Ахэр Шэрэджэх Джэбагъэр Мухьэмэдрэ, Елджырокьуэхэ Джубгъанэр Фатіхрэ, Йстэпан Хьусен, Хьар-бутлІы (и адэр тыркущ и анэр Шэрэджэх япхъщ) сымэ.

Нобэкіэ Хьэнасир кьуажэр щыкьуухІхэм яІыгъщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Къэщкъэтау деж щыхэкІуэда зауэлІхэм фэеплъ хуагъэувынущ

37-нэ армэм и етІуанэ фочауэ дивизэм и 875-нэ полкым и зауэлІрэ офицеру 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 27 - 28-хэм хэкІуэдахэр щІэлъхьажьымкІэ икІи абыхэм фэеплъ яхуэгъэувынымкІэ комиссэм и зи чэзу зэІущІэр иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Уянаев Казым.

АХЭР жылагъуэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ хуэзэу Щэрэдж псым и сэмэгурабгъу Іуфэм щыщІалъхьауэ щытащ. Ауэ яхыкІыныкІуэ ИлъэсхэМ псыр куэдрэ кьиуащ, абы кьыхэкІыу джабэр кьрилъэсхэку екІуэкІыуРэ, псыр кьыдэкІуэтэйри, кьхащьхэхэр илъэсу хуежьащ. Абы кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ зауэлІхэм я къхэр гъэІэпхъуэныжкІэ комиссэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къащкъэтау поселкэр фашистхэм ящыгьэхъуна 875-нэ полкым и зауэлІхэмрэ офицерхэмрэ я фэеплъыр хьумэным теухуауэ яубзыхуа планыр гъэзэщІа зэрыхъум. Абы ипкъ итКІэ куэд ялэжьащ. Хэкіуэдахэм я къэщкъэхэр кьаза щыпсыІэу кьащэуэтыжащ икІи ахэр щІэуэ яубзыхуа щІыпІэм ягъэІэпхъуащ. Абы теухуа дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, республикэм и Правительствэмрэ Парламентымрэ щыщІэхэр, ветеран, жылагъуэ зыгуфэзэныгъэхэм я ліыкІуэхэр, дин лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэм ящыщ куэд. Къхащьхэм пІалъэкІэ щытыну сын трагъэуващ. Иджы конкурс ирагъэкІуэкІынущ фэеплъ комплексым и проект нэхъыбІыр кьыхэхыным теухуауэ. Къащкъэтау щауэхуну мемориалыр кьызэІуахыну я мурадщ. ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпІэным хиубыдэу, 2015 гъэм накьыигъэм и 9-м.

Уянаев Казым комиссэм хэт псоми фІыщІэ яхуищІащ лэжьыгъэшхэр зэрырагъэкІуэкІам, Іуэху псори тэмэму зэрагъэзэщІам папщІэ икІи хэкІуэдахэм я къхащьхэхэр къэгъэуэтыжыным нэхъ жыджэру хэтахэм щІыхь тхылъхэр иратыну кьыхилъхьащ.

ХАДЖИЕВЭ Фатімэ.

● Къулыкъуэр

Прохладнэ къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Бирюк Александр

Прохладнэ къалэ округым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советым и зи тесэнем щыпалъэ администрацэм и Іэтащхьэу зэдзарэзыуэ щыхахащи Бирюк Александр.

БИРЮК Александр Анатолэ и къуэр 1968 гъэм Прохладнэ къалэм къыщалъхуащ. Ленинград дэт инженер-уэуакІуэ институтыр 1992 гъэм, Щыхубэ хозяйствэмрэ къэрал кІуэлыкІуэмкІэ УФ-м и Президентым и дежи щыІэ Урысей академиер 2013 гъэм кьиуащ. Совет армэм кІуэлыкъу щищІащ.

Абы Прохладнэм дэт ягъэІэпхъуэ механизированнэ колоннэм и ууэкІуэ участкэм и мастеру 1992 гъэм лэжьэн щІидзащ. 1994 - 2003 гъэхэм «Кьэббалъкъгаз» ОАО-м и «Прохладнэгаз» Іуэхущ Іапі эм и кьудамэм и унафэщІу щытащ, 2003 - 2013 гъэхэм а Іуэхущ Іапі эр дыдэм и унафэщІу лэжьащ.

2003 гъэм кьыщегъэжьауэ ар Прохладнэ къалэ округым, Прохладнэ муниципалъэ районым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советхэм я депутату щытащ, 2012 гъэм «Урысей зэкъуэт» партым кьыбгъэдэкІыу КъБР-м и Парламентым и депутату хахащ.

КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Щыхь тхылъхэр кьыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Унэтіыныгъэ нэхъыщхьэхэу бгъу

«Мэшыкъуэ 2013» кавказпсо зэхьхьэм ныбжьыщІэ 2500-м щІигъу хэтщ. Мэшыкъуэ Іуащхьэм и лъапэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэтъуагу псоми къыкІа щІалэгъуалэр, апхуэдэуи Красноярск, Краснодар крайхэм, Волгоград, Ленинград, Киров, Тверь областхэм, Азербайджаным, Армением, Украинэм, Чехием, Эстонием, Осетие Ипщэм щыщІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щыхэхуащэсащ. ЗэІущІэм ипкъ итКІэ, унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу бгъу яубзыхуащ: студент гупхэр, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр, политикэ, гъащІэ узынщэм и тельхьэхэр, информационнэ технологиехэр, псапащІэ, си Іуэху: къуажэ, предприятэхэр, туризм, творческэмрэ щэнхабзэмрэ, ТекІуэныгъэ-70.

Ныбжьыщ Іэхэр зыщІэдзІуну дерсхэр кьыхахыу едэІуэн хуейуэ аращ. Абыхэм кьыщынэмыщІауэ, Мэшыкъуэ хьащІэ Іъапэхэр, кьэралым щыщІэрыІуэ щІыухэр кьеблагъэуэр щІалэгъуалэм йопсалъэ.

«Мэшыкъуэ 2013»-м нэхьыбэу зи гугъу щащІар Кавказ Ищхъэрэм исхэр гъэкІыгъэ Іэнатіэхэ кьызэгъэпэщыныр, абы ехьэлІауэ щыІэ хэкІыпІэхэр кьэтъыхъуэныр.

Хьэрычэтыщэмрэ бизнес щыкІымрэ Кавказ Ищхъэрэм зыщегъэубгъуныр кьэралым гульытэ зыхуищІэм ящыщу. ХьэрычэтыщІэ щІалэхэм я жэрдэмыр даІыгъын, абыхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ, ди щІыналъэм программэ зыбжанэ щоІажъ, а хуабжьу сэбэп мэхъу ныбжьыщІэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэща хьэныкІэ.

ЩІалэгъуалэм гъэжьыгъэ ягъуэтын папщІэ кьэралым Іэнатіэщ Іэхэр кьызэрызэІуихым кьищынэмыщІауэ, ди щІыухэр хамэ кьэралхэм гъэкІуэным, апхуэдэ щІыкІэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм шыщхьэуІум и 19-м *№447-рп*

«Урысей жылагъуэ жэрдэм» интернет-ресурсыр къагъэсэбэпурэ, Урысей Федерацэм и цІыхухэм ухыхалъхэ жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ щыІэ эксперт лэжьакІуэ гуп къыщыдзэгъэпэщын.

2. Къэщтэм мы Унафэм щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ щыІэ эксперт лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ щыІэ эксперт лэжьакІуэ гупым теухуа Положенэр.

3. «Урысей жылагъуэ жэрдэм» интернет-ресурсыр къагъэсэбэпурэ, Урысей Федерацэм и цІыхухэм ухыхалъхэ жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ ГъэзэщІакІуэ органу къэщтэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыкубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэ-гъэкІэжьыгъэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ муниципальнэ эксперт гупхэр къызэрагъэпэщыныр 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху зэфІагъэкІыну.

5. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ Къуэдзокъуэ М. М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ХЬЭСАНЭ Руслан

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм шыщхьэуІум и 19-м къыдигъэкІа Унафэ №447-рп-мкІэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ щыІэ эксперт лэжьакІуэ гупым

ХЭТХЭР

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудзэр *(лэжьакІуэ гупым я унафэщІщ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэхъущ Іапіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министр *(лэжьакІуэ гупым и унафэщІым и къудзэщ)*

Абазэ Е. Хь. - Урысей Федерацэм Юстициэмкіэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къудзэр *(зэгурыІуаУэ)*

Амщыкъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым *(зэгурыІуаУэ)*

Бэкдыгъу Т. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынырэмкІэ и министрым и къудзэр

Дядченкэ В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал къуплькъум, кадрэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным я Іэхъухэмкіэ и управленэм и къудзамэ и унафэщІыр

Емуз Н. Гъу. - «Бэрбэч Хь.М. и цІар зезыкъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іэхъущ Іапіэм егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэм я щІэныгъэмрэ щІдгъэмрэ хэплъэныкІэ Іэхъущ Іапіэм и институтым и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Зумакулов Б. М. - цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр

Канунников А. Д. - урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

Къыльшыкъуэ А. И. - «Урысейм и щІэгъэкъуэн» хьэрычэт Іэхъу мыиныр-эр курытымрэ я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и тхьамадэр *(зэгурыІуаУэ)*

Кроцкий Е. Н. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Кучминовы Тl. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министрыр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІынаналъэхэм я совет» ассоциацэм и Іэхъущ Іакіэу къэрэкІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыІуаУэ)*

Семэн П. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынырэмкІэ и министрыр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныр курортхэмкІэ и министрыр

Эндреев Б. А. - «Налшык» банкым (жэуап зэхэтщІэщхьахуІэ зыхь зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуаУэ)*

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуаУэ)*

Шыбзыхуэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхубз хъыбарегъащІэ Іэхъущ Іапіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІыр *(лэжьакІуэ гупым и секретарь)*

Хъэщхъуэжь Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЦІыплъагъуэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэхъущ Іапіэхэм я Іэхъущ Іапіэм и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм шыщхьэуІум и 19-м къыдигъэкІа Унафэ №447-рп-мкІэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ щыІэ эксперт лэжьакІуэ гупым теухуа

ПОЛОЖЕНЭ

I. Псори кІыхьэщІэзыубыдэ Іэхъухэр

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ щыІэ эксперт лэжьакІуэ гупыр (адэкІэ - «Лэжьакіуэ гупщ) - «Урысей жылагъуэ жэрдэм» интернет-ресурсыр къагъэсэбэпурэ, «Урысей Федерацэм и цІыхухэм ухыхалъхэ жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ, апхуэдэу зыхуэфащэ хабзэ мардэм и проектыр зэхэпльэн е жылагъуэ жэрдэмхэр (адэкІэ - жылагъуэ жэрдэмщ) дгъэзыІуным хуэунэтІа нэгъуащІ Іэхъухэр зэфІэгъэкІын зэрыхуэфащ теухуа унафэхэр кІыщтэну полномочие зиІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж зэпымыууэ щыІэ чэнджэщагъу органщ.

2. Лэжьакіуэ гупым езым и лэжьыгъэ кІыхьэрегъэпэщ Урысей Федерацэм и Конституцэм, Урысей Федерацэм нэгъуащІ къэралхэм ярищІыкІа зэгурыІуэныгъэхэм, федеральнэ конституцэ законхэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм и адрей хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и адрей хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэ зыщІидза договорхэмрэ зэгурыІуэныгъэхэмрэ, мы Положенэм тету.

II. Лэжьакіуэ гупым и кьалэнхэмрэ зэлэжьхэмрэ

3. Лэжьакіуэ гупым и кьалэн нэхъыщхьэр жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныгъ.

4. Лэжьакіуэ гупым кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр зэрагъэзащІэ папщІэ мы кьыкІэлъыкІуэхэр зэфІегъэкІ:

эксперт заключенэхэр егъэхьазыр икІи зыхуэфащэ хабзэ мардэхэр зэхэпльэн е жылагъуэ жэрдэмхэр дгъэзыІуным хуэунэтІа нэгъуащІ Іэхъуэхэр зэфІэгъэкІын зыгъэзащІэр хуещІ;

«Информацэ демократием и фондымрэ» информацэ демократиемрэ гражданн жылагъуэмрэ зегъэужьынымкІэ фондымрэ (адэкІэ - Фондщ) кьабгъэдэкІыу кьыІэрыхьа жылагъуэ жэрдэмхэм я экспертизэ ирегъэкІыжьІ;

жылагъуэ жэрдэмхэм хэплъэныкІэ муниципальнэ эксперт лэжьакІуэ гупхэр кьызэгъэпэщыным, абыхэм я лэжьыгъэр зэтегъэувэным пыщІа Іэхъуэхэмкіэ щыІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ абыхэм зэрыкьыІуэ методикэ дэІэпыкъуныгъэ ярет;

Фондым долажьэ, абы хиубыдзу Фондыр щыгъуазэ ещІ жылагъуэ жэрдэмхэр пхыгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм;

езым кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэм япкъ иткІэ нэгъуащІ Іэхъуэхэр зэфІегъэкІ.

III. Лэжьакіуэ гупым иІэ хуитыныгъэхэр

5. Езым кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр зэфІигъэкІын папщІэ лэжьакІуэ гупым хуитыныгъэ иІэщ:

щыІэ хабзэхэм тету езыр зыхуей документхэмрэ кьынэмыщІ Іэхъуэхэмрэ гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ абыхэм кьулыкъу щыІэныгъэ ІкІуэщІ;

лэжьакІуэ гупым и кьалэнхэм хиубыдэ Іэхъуэхэм ятеухуауэ иригъэкІуэкІ зэІуищІэхэм гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм (абыхэм нэхъ пасэу ягурыІуэу), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, организацэхэм я унафэщІхэр (ІыкІыкІуэхэр) кьригъэблагъэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я унафэщІхэр (ІыкІыкІуэхэр), апхуэдэу щІэныгъэ-кьэхутакІуэ, еджапІэ Іэхъущ Іапіэхэм, организацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Іэщ Іагъэхэм я лэжьыгъэм кьыхишэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ зытригщІыхьыпхьэ Іэхъуэхэм яхуэгъэза жэрдэмхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыщІэтыну.

6. Мы Положенэм ипкъ иткІэ езым кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэмрэ лэжьыгъэкІэ-хэмрэ ятІэ иткІэ лэжьакІуэ гупым нэгъуащІ хуитыныгъэхэр ялэжьыну.

IV. Лэжьакіуэ гупым хэтхэр

7. Лэжьакіуэ гупым хохьэ абы и унафэщІыр, унафэщІым и къудзэр, лэжьакІуэ гупым хэтхэр.

Лэжьакіуэ гупым хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я ІыкІуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ муниципальнэ щІыналъэхэм я ІыкІуэхэр органхэмрэ я депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм щыщІэн, къэрал Іэхъущ Іапіэхэм, бизнесым и Іэнатіэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ІыкІуэхэр.

● ЩІДАА

Илъэс лэжьыгъэр къапщытэж

Мэрем кІуам Налшык щыІэзэхэтащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академием и Зэхэтщ Іыгъэр. Ар иригъэкІуэкІащ ЩІДАА-м и тхьэмадэ Нэхущ Іэдэм, зэІущІэм и дэжьыгъэм хэтащ вице-президент Бэчыжь Лейлэ, щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Тхьэзэпіэ Хьэсэн, щІэныгъэлэжь Шоджэн Іэсхьэд, Кьалэ Хьэжбарэ, Щомахуэ Іев, сурэтыщІ щІэрыІуэ КІыщ Мухьэдин, зэІущІэм кьрагъэблагъэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСА щІэныгъэлІэкъмрэ академием хэтхэмрэ Нэхущым фІэхъус ярихри, ЩІДАА-м хагъэхьэну къэлъІуэхэм папщІэ Іэтым щІадзащ. Абы и пэ щІыгъуэ ЩІДАА-м щыІэ зиІэ и академик хуэущ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Ростов кьалэм дэт «РИНХ» къэрал экономикэ университетым и ректор **Кузнецов Николай**. ЩІДАА-м действительнэ члену хагъэхьащ академием и член-корреспондент, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь **Шыбзыхуэ Заур**; физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Іэкъэрал университетым математикэ анализымрэ математикэр егъэдэкьыным и методикэмкІэ и кафедрэм и профессор **Шумахуэ Мухьэмэд** (ЩІДАА-м математикэ щІэныгъэхэмрэ нано-информацэ технологиехэмкІэ и кьудамэм); ЩІДАА-м и корреспондент, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КІуэкІуэ Валерэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым мэкъумэщ Іэнатіэм кьащІагъэсэбэп машинэхэм зэракІэтьыпІплъымрэ ахэр зэрызэрагъэпэщыжьыкІэ и кафедрэм и профессор **Батькъэр Руслан** (ЩІДАА-м энергетикэмкІэ, машинэ щІыныкІэ, механикэмкІэ, Іэнатіэхэр зехьэныкІэ и кьудамэм); ЩІДАА-м и хэтщ щиІэ щІэныгъэ центрыр, Абы хэтхэр Къэрэшей-Шэрджэс щІэныгъэ центрым хагъэхьащ. Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик. Адыгэ къэрал университетым физическэ гъэсэныгъэм и теориемкІэ и кафедрэм и профессор **Хьэкъун Нурбий** ЩІДАА-м физкультурэмкІэ, биомеханикэмрэ цІыху Іэпкъытэпкъым и зэфІэкІэмкІэ и кьудамэм и академик-секретарь ящІащ.

ЩІДАА-м и президиумым хагъэхьащ психологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, академик, Армавир лингвистикэ социальнэ институтым и ректор **Аванесовэ (Сэкий) ФатІимэрэ** физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым и унафэщІ **Нэхущ Викторнерэ**.

Адэкіэ зэІущІэм кьыщыпсэлъащ �щІДАА-м и унафэщІ **Нэхущ Іэдэм**. Зэхуэсыхуэмрэ «Математикие и информационные технологии в исторических и социально-экономических процессах» щІэныгъэ сессиемрэ я лэжьыгъэм хэтхэм захуигъазэу жиІащ:

- Адыгэ Іэкъэлыкъым и дунейпсо щІэныгъэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэ хуащІ хэлъхьэныгъэхэм, ахэр утыку кьрехьэ. Иджыпсту ЩІДАА-м хэтщ Урысей Федерацэм, Абхазэм, Израилым, Испаниэм, Норданиэм, Кьэзахьстаным, Сириеи, США-м, Тыркуи, Узбекистаным я щІэныгъэлІу, цэнхабзэм, гъуэгуанэ, егъэджэныгъэм я лэжьакІуэ цІэрыІуэу 300-м щІигъу.

Илъэсым кьриубыдэу «Доклады АМАН» журналым и номерищ, «Образование. Наука. Творчество» журналым и номерищ дунейм кьытехьащ, дунейпсо, урысейпсо щІэныгъэ зэІущІэхэм кьыщащта унафэхэмрэ щІэныгъэхэ тхыльхэр кьыдэкІащ. ЩІДАА-м и академик Мамий Руслан и редакцэм щІэту дунейм кьытехьащ «Вестник науки Адыгейского республиканского института гуманитарных исследований» журналым и етІуанэ кьыдэкІыгъэмрэ адыгэ-славян щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм ятеухуа сборникымрэ.

Академием и лэжьакІуэхэр 2012 - 2013 гъэ. хэтащ щІэныгъэ зэхуэсу 200-м, кьэхутэныгъэ монографиеу 50-м щІигъу я Іэдакъэ кьыщІэкІащ.

Нэхущ Іэдэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ �щІДАА-м и дэхэнэ кьудамэми щылажьэ щІэныгъэлІхэм, ЕщІагъэлІхэм я ехьулІэныгъэу гулыт э зыхуэфащэхэм.

Президиумым и лэжьыгъэмрэ �щІДАА-м и щІэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм я гъэзэщІакІэмрэ теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэлъащ Іэхъущ Іапіэм и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **Тхьэзэпіэ Хьэсэн**. Апхуэдэуи я Іуэху еплъыкІэ кьагъэлъэгъуэну кьэпсэлъапІэр хуит хуащІащ **Бэчыжь Лейлэ, КІыщ Мухьэдин, Хьэрэтэлий, Эфендиев Сэлихь** сымэ, ягъуэщІхэми. �щІДАА-м и унафэщІым и дзэпльхьэгъу Скориковэ Людмилэ тепсэлъыхьащ Іэхъущ Іапіэм игъэзэщІа лэжьыгъэхэм хуэхаха мылъкур кьызэрагъэсэбэпам.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтэкр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Іуэхутхьэбзэ уасэхэм зэрыхэхъуар ди цІыхухэм къатехьэлъакьым

Псэупіэ-коммунальнэ хозяйствэм и лэжьыгъэм ехьэлІауэ цІыхухэр пащІэгъуэкІэ щэпсалъэ хьуну телефон - 42-60-47 - КЪБР-м Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм щолажьэ. Блэкіа мэкъуауэгъуэ, бадзэуэгъэу мазэхэм абыкІэ ящІэнсэлъащ цІыху 67-рэ. Абыхэм я нэхьыбэм я упщІэхэр зыпыщІар 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я тарифхэр зэрызэрахьуэкІарщ. ЦІыхухэр щоупщІэ уасэхэр зыхуэдизым, ахэр УФ-м и Правительствэм кьыгъэзыяуэ щытахэм зэрезэгъэным. Псоми зэрытщІэжщи, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ, Урысей Федерацэм и Президентым кьызэригъэувам тету зэрыхагъахьуэ хъунур процент 6-щ, 2013 гъэм и апэ илъэс ныкьуэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр кьэлэтауэ щымыІэмэ - процент 12 нэхъыбэ нэхъыбэжІащ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхутхьэбзэ псоми щыщІатыр ику иту процентэ 10,2-кІэ кьыщыдэтауэ щытащ. Ар бжьыгъэшхуэкъым, УФ-м и субъект щхьэхуэхэм уасэхэм процент 20-кІэ, нэхъыбэжІэ зэрящыщхьэгъуэ кьэпльыгъэм.

КЪБР-м хабзэм кьемыІэтэныу тарифхэм зэрыщыхагъэхьуэм теухуа тхьэусыхафэхэр министерствэм кьыІэрыхьакьым. КЪБР-м энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министр Кучменов Тlэхьпр зэрызжиІамкІэ, цІыхухэр зытегъэвьакъэм ильэсым и зэманэ пыухьакъэм ятещІыкьуэу захъуэжь. Бжьыхьэмрэ гъатхэмрэ цІыхухэр егъэпІейтей унэхэр зэрагъэпІыным, гъэмахуэм тхьэусыхафэхэр нэхъыбэ щыІэщ пхъэнкІийр, кІэрыхуфбжьэрыхуэр и зэманым зэрыдамышыным теухуауэ. Зыныкьуэжьыр псэупІэ унэхэр зезыхьэ компаниехэмрэ псэупІэр зи мылькуу щытхэм я ззгухьэныгъэхэмрэ я лэжьакІэр зигу ирамыкьхэм я бжьыгъэщ. «КЪБР-м исхэм нэхъ жыдижьу яхьуэмэжу щадзащ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэ и Іьэныкьуэкіэ яІэ хуитыныгъэхэр», - кьыхигъэщхьэхукІащ министрым.

ЦІыхухэм кьагъэхь тхьэусыхафэ псоми ядбэзгубдзапІэу хопІэ. Абыхэм жэуапхэр иратыж министерствэм и Іэщ Іагъэхьэм. КьыщІагъэщта ныкьусанытІэ псори икІэ-щІыпІэкІэ ягъэзэкІуэж. ПащІэгъуэжІэ цІыхухэр министерствэм зэрыпсалъэ хьуну телефониир махуэ я щхьэ ситыр 9.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 18.00 хьуху мэлажьэ, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ я нэмыщІ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● Шыщхьэуіу зэІущІэхэр

Япэ итхэр

Бахьсэн районым Щэнхабзэмкіэ и унэм егъэджакІуэхэм я щыщхьэуІу зэІущІэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ щынальэм и егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэм я ІыкІуэу 300-м нэблагъэ. Зэ Іущ Іэм кьрагъэблагъащ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэр, район, кьуажэ администрацэхэм я унафэщІхэр, ветеранхэм я советым и тхьэмадэр, нэгъуащІхэр.

ЗЭХУЭСЫР кьызэІуихри, егъэджэныгъэ Іэнатіэр ехьэфІэкІуэныкІэ Іэмальищ Іэхэм тепсэлъыхьащ Бахьсэн районым администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн. Абы зэрыжиІэмкІэ, лэжьыгъэр зэпеуэ жыпхъэм тету зэраухуам ипкъ иткІэ, районым и сайиф гъэсапІэхэмрэ ящІэнсэлъ ІыкІуэ щІэтІысхьэнущ сабий 800-м щигъу. Зэдгъэпщэн щхьэкІэ кьыхэдгъэщынщи, нэгъабэ яп э классым щаттар сабий 650-рэ. А бжьыгъэкІэ районым адміністрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн. Абы зэрыжиІэмкІэ, лэжьыгъэр зэпеуэ жыпхъэм тету зэраухуам ипкъ иткІэ, районым и сайиф гъэсапІэхэмрэ курыт щыІэ школхэмрэ я тепІэмэ икьуэкІэ зихьуэжащ. «Гъэ ешІэ ящІдзэжмэ, дэ кьыхэхтынщ директор, егъэджакІуэ, еджакІуэ, классыр, шхапІэ нэхъыфІхэр», - жиІащ Сыжажэм.

«Егъэджэныгъэм теухуауэ» законыр кьыІэращтам ипкъ иткІэ, Іэнатіэм кьалэн нэхъыщхьэу щыІэныгъэ зихьуэжакъэм тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэмкІэ районым кьудамэм и унафэщІ Абрэдж Тамарэ. «Егъэджэныгъэм теухуауэ» ящІта хабзэщІэм урысей тхыдэр зэрыдгъэзыІуэ щекІуэкІ. Кьалэ дыкІэпсу щыгъэльэгъуащ егъэджэныгъэм и лъабжьэр сабий садхэм кьыІэрыщежьэр», - жиІащ абы.

2012 - 2013 гъэ еджэгъуэм Бахьсэн районым щылэжьащ егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэу 30. Абыхэм екІуэлІащ сабий 10310-рэ. 7343-р школакІуэщ, 3027-р сабий садхэм щыІэ щІыкІуэщ. «Гъэ еджэгъуэм яп э классым щэтІысхьэнущ сабий 800-м щигъу. Зэдгъэпщэн щхьэкІэ кьыхэдгъэщынщи, нэгъабэ яп э классым кьаштар сабий 650-рэ. А бжьыгъэкІэ районым адміністрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн. Абы зэрыжиІэмкІэ, лэжьыгъэр зэпеуэ жыпхъэм тету зэраухуам ипкъ иткІэ, районым и сайиф гъэсапІэхэмрэ Абрэдж Тамарэ. Мэртэзэм кьыхихъэщащ республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм щылэжьэм Бахьсэн районыр зэрагъэхтыр.

Адэкіэ Сыжажэ Хьэсэн «Пщіантіэ нэхъыфІ» районым зэпеуэм щытекІуэ школхэмрэ сайиф гъэсапІэхэмрэ ахъщэ саугъэтхэр яритыжащ. Зыныкьуэ яубыдам тещІыхьауэ текІуэхэм яІэрыхьащ сом мини 100, 70, 50.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

ЦІэ лъапІэхэр къыхуагъэфащэ

Май районым иджыблагъэ щекІуэкІащ егъэджакІуэхэм я щыщхьэуІу зэІущІэ. Абы хэтащ щІыпІэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ Марченко Валентинэ, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэу Бердюжэ Владимирэ Кармаликов Павелрэ, «Урысей эхъуэт» партым и щІыналъэ къудамэу Май районым щыІэм и унафэщІ Гусевэ Татьянэ сымэ.

МАЙ РАЙОНЫМ и администрацэм и унафэщІ Шинов Владимир зэІущІэр кьыхэлъытхри, егъэджакІуэхэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъэм ехьулІэныгъэхэр щаІэу, улахуэр тэмэм кьаухуэ ильэсыр ирахьэкІыну.

2012 - 2013 гъэхэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм щыІэзэІахаХэм, кьапэщІыт лъэхъэнэм я кьалэн зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Май район администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Маерле Галинэ. Абы и кьэпсэлъэныгъэм кьыхэрыхущамкІэ, мы гъэ еджэгъуэм районым и школэм 10-м ныбжьыщІэ 4165-рэ щеджэнущ. Апэу мы гъэм школ партэхэм дэтІысхьэнущ сабий 409-рэ.

Сабий гъэсапІэхэм я Іуэху зыІутми щытепсэлъыхьащ зэІущІэм. Апхуэдэу мы гъэм щІэуэ тІысыпІи 120-рэ кьыхэрагъэпэщащ. Псори зэхэту кьапщтэмэ, районым и сайиф садхэм щыкІу ІкІуэщІ. А Іуэху щІапІэхэм кьыхэзыІуэ щІэпсалъэ ящІащ Іуэхуфбзэ ІэпкъытІэпкъым и зэфІэкІэмкІэ и кьудамэм и академик-секретарь ящІащ.

ЩІДАА-м и президиумым хагъэхьащ психологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, академик, Армавир лингвистикэ социальнэ институтым и ректор **Аванесовэ (Сэкий) ФатІимэрэ** физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым и унафэщІ **Нэхущ Викторнерэ**.

Адэкіэ зэІущІэм кьыщыпсэлъащ �щІДАА-м и унафэщІ **Нэхущ Іэдэм**. Зэхуэсыхуэмрэ «Математикие и информационные технологии в исторических и социально-экономических процессах» щІэныгъэ сессиемрэ я лэжьыгъэм хэтхэм захуигъазэу жиІащ:

- Адыгэ Іэкъэлыкъым и дунейпсо щІэныгъэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэ хуащІ хэлъхьэныгъэхэм, ахэр утыку кьрехьэ. Иджыпсту �щІДАА-м хэтщ Урысей Федерацэм, Абхазэм, Израилым, Испаниэм,

● Щ

Щ

Щ

Щ

Щ

Щ

Щ

Щ

Щ

Щ

Зи мымылъку зэзылъэфэлІахэм Алыхьым и нэлатыр къатохуэ

● Уаз

Щыхухэр къэзыгъапщІэу зи мымылъку зэзылъэфэлІэхэм Алыхьым и нэлатыр этетыщ. Абы кьыхэкІыу муслъымэну зызыбжыж дэтхэнэ зыри дэнэ щыпІи, сыт хуэдэ зэманми щыху пэжу, тэмакъкІыхьу, хьэлэлу щытын хуеиІуэ ислъам диным кьыхуредджэ.

ДУНЕЙМ тет псори къэзыгъэщІар Алыхьталэрщ икІи ди Щхьэщыгу итым зы щыхур адрейм хуэныкъуэн, хуеин ищІащ. Зыр адрейм пымыщІауэ, зэдэмыІэпыкъуу аехр псэуфынукъым. Нэхъыбэу аехр зэпыщІа зэрыхъури сату Іуэхурщ.

Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэ Мухьэммэд бегъымбарым игъэдурысащ зым и зэран адрейм емыкІыу, кьимыгъапщІэу, хьэлэлу хьэпшыпкІэ, ерыскъыхэкІкІэ сату ящІыну, я пщІэнтІэпсхЭ кьаІэжьаР ящэну е яхъуэжьыну. Щхьэхуещагъэ хэлъу, кьулей зрипщІын мурадкІэ усондэджэрыныр хьэрэмщ. Апхуэдэу пщэнри, къэпщэхунри, уасэ яхуэбгъэувынри къезэгъыркъым кхъуэлым, фадэхэкІ псоми, жорхэм, сынхэм. Мухьэммэд бегъымбарым идэу щытакъым пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ мыхъу утыку кърахьэну, ахэр мылъку хэхыпІэ ящІыну.

Щыхуэхэр зэфІэзыгъанэ сату пщІы хъунукъым. Апхуэдэм кьыщІэпха ахъшэр кхъуэлым хуэдэу хьэрэмщ. Ислъам диным игъэдурысащ зыщэмрэ кхъэзыщэхумрэ зэхуэарэзыуэ зэбгъэдэкІыжьынырщ. Абы щыгъуэми нэгъуэщІ щыпІэ кьраша хьэпшыпым е ерыскъым хуэдитІ щы щІагъуэурэ ящэжмэ, ар гуэныхьышхуэ зыпыть Іуэхущ. Апхуэдэ щыхум зэреджэр сондэджэрщ. «Хэт ерыскъыхэкІым зы мазэкІэ нэхъ мыхъуми ирисондэджэрми, ар Алыхьым пыкІащ, - жиІэгъащ Мухьэммэд бегъымбарым. ИтІанэ дыщІигъужащ: «Гуэныхь кьыумыхьынумэ, умысондэджэр».

Ислъам диным игъэдурысащ хьэпшыпІэр зыщэмрэ кхъэзыщэхумрэ я кум пэжагъ зэпІу сату зэдащІыныр. Аращ бегъымбарым и хьэдисхэм ящыщ зым щыщыжиІар: «Хьэпшыпыр зыщІыр, кьыщІэзыгъэкІыр насыпыфІэщ, сондэджэрыр насыпынщэщ.

«Диным жиІэр пщІыщ, сэ нобэ диным сыкІэ сызыхуейр згъуэту сыпсэумэ, аращ нэхъыфІыр», - гупсысэм тету зи гъащІэр зыхьхэр хуабжьу щоуэ. Абыхэм ахърэткІэ яхуэмыпшынымыжьын гуэныхь зэтралхьэ икІи «Зыри кьыпфІэмыІуэхуу псэу: гъащІэм щыгуфІыкІ, уемыгупсыс кІэухыр кьыззэрысынум, уи нэгу зегъэуЖы! - шейтІаным и кьыхуеджэныгъэм дихьэхауэ аращ. Тхьэм апхуэдэхэм дащихьумэ.

● Мэжджыт щІэрыІуэхэр

Шейхым адыгэхэм къахущІа тыгъэ

Адыгейм и къалащхьэ Мейкъуапэ 2000 гъэм дащІыхьа мэжджыт екІур пІалъэ кІэщІ дыдэм яухащ. Ар Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм я шейхым и тыгъэ лъапІэщ.

МЕЙКЪУАПЭ игъэбжьыфІэу абы къыщхьэщытщ дыгъэм пэлыд унащхьэ щІыху зытелъ мэжджыт абрагъуэр. Ар азэн джапІэу плІым къаухъуреихь. Ухуныгъэ екІум и инагъми гур хегъахъуэ - Кавказ Ищхьэрэм щыгъуэтыгъуейщ абы пэпщІ хъун.

Мы мэжджытыр илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу яухащ. Абы текІуэда мылъкур кьанэ щымыІэу кьыбгъэдэкІащ Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм я шейх, Расаль-Хайм щІапІэм и пащтыхыкъуэ Сакр-аль-Кассими бин Хьалид.

Мусылымэнхэм я закъуэщ мэжджытым щІыхьэну хуитыр. АрщхьэкІэ зыплъыхьакІуэхэми Іэмал ираращ ислъам гъащІэм и зы Іыхьэ зыхущІэну. Псом ящхьэр дэтхэнэ зы мусылымэнми мыхьэнэщхуэ зрит щІыпІэм хуэфащэн пщІэ хуащІынырщ, Іэдэбу абы зыщаІыгъынырщ.

Зэчыр

Мы Іуминхэу динкІэ зэщу
Муслъымэну кьигъэщІам,
Дин ислъамыр кьабых фщІауэ,
Іуэхугъуэфіхэм фатолажьэ.

Щытхъур псори зыхуэфащэу
Закъуэныгъэр зыхуэпэж,
Зи закъуагъэм шэч хэмылъу
Ди Тхьэ лъапІэу Язалыхь.

Уи щІэныгъэр пэублэнщэщ,
Кіэухыншэу гъэбыдащ,
Алыхьталэр сытым щыгъуи
Дэнэ щІыпІи щыхьэзырщ.

Уи закъуагъэр зыгъэпэжу
Уи закъуагъэр зи фІэщ хъуам,
Дин ислъамыр игъэнуру
Жэнэт лъапІэм екІуэлІэнщ.

Адэ-анэр зыгъэтыншу
Арэзыи зыхуэхъуам,
Къемэт махуэм и хьэзабыр
Зы къэмынэу щхьэщахынщ.

Нэщі, нэмэзыр игъэзащІэу
Блэкі имыІэу зылэжьам,
Дин ислъамыр игъэнуру
Жэнэт лъапІэм екІуэлІэнщ.

Дин ислъамыр и фІэщ мыхъуу
Нэщі, нэмэз къызытенар,
Къемэт махуэм бэлыхьышхуэр
Зытелъынум ящыщ хъуащ.

Дин гуэныхьым и куэдагъыр
Пшагъуэ бжыгъэм хуэгъэдащ,
ТхуэбгъэгъэнкІэ дыпщыгугъыу
Дыщыауэу къэдлэжьащ.

Ди гуэныхьым и хьэзабыр
Зэхуэмыдэу кьыпІэщылъщ,
Пшынижьным и гугъуагъым
Дегупсысмэ, догумэщІ.

ЗыгъэпскІыныр кьабзэныгъэщ,
ЗыгъэзащІэу екІуэкІам,
Къемэт махуэм и зэхьхьэм
Ар гуфІэжу екІуэлІэнщ.

Къемэт махуэм и гуащІагъыр
Дгъэунэхунум щач хэмылъ,
Тобэ къэтхьу, Тхьэ делъэІуу
А зэманым дыІущІэнщ.

Алыхьталэм фІэмыкІахэр
Щуэ, дахэу екІуэлІэнщ,
Гуэныхь зиІэу фасикъыжьхэр
Лъэсрэ гуІэу епщылІэнщ.

ПцІы упсыныр, бзэгу зехьэныр
Убэныгъэм хуэгъэдащ,
Ар зыхуэдэм и дыджагъыр
КъурІэн лъапІэм щыжьІащ.

ПцІы упсыныр, бзэгу зехьэныр
Ар зи хьэлурэ лІэжам,
Номин фаджэр и суратэ
Къемэт махуэм екІуэлІэнщ.

Щыхьэт нэпцІыр, хьэрэм зышхыр
Кхъуэ сурэту къопсэуж,
Жыхьэнмэми щыпшынэжу
КъикІ имыІэу ар хэтынущ.

Гъунэгъу хьэкъыр зымыхъумэу
Лей зезыхьэу екІуэкІар,
Іэнпэ-лъэнпэу, гузэвэгъуэу
Къемэт махуэм екІуэлІэнщ.

Лэжьыгъэнпэу, Іуэхугъуэнпэу
Дунеишхуэм екІжар,
Узым и пкъыр зэщІиІыгъыу,
Зэблэщауэ къотэджыж.

●УпщІэ - жэуап

КъурІэныр зищІысыр

А упщІэр куэдым кьыдатри, нобэ абы жэуап пыухыкІа етты ну мурад тщІащ.

КЪУРІЭНЫР фІыцІагъэ лъапІэщ. Ар Алыхь закъуэм кьыбгъэдэкІыу Тхьэм и нэфІыр зыщыкуа Мухьэммэд бегъымбарым кьыбгъэдилъхьа псалъэхэр зэрыт тхылъщ. Абы зыуфІгъуауэ кьыщигъэлъэгъуащ дунеягъэ Іуэхуэхэр, мусылъмэным и псэуКІэу щытыпхъэр, игъэзащІэн хуей хабзэхэр. Апхуэдэу КъурІэным щыгъуазэ дещІ жэнэтым, жыхьэнымэм, кьемэт махуэм. Мыбы кьыщокІуэ Алыхьым и лЫыкІэ бегъымбархэм (Іэдэм и дежщегъэжьауэ Мухьэммэдэ дежщиухыжу) ятеуху ахьыбархэр. Абыхэм ящыщщ лЫыкІуэ лъапІэхэу Нухь, Ибрэхьим, Хьисэ, нэгъуэщІхэри.

Тхыгъэ лъапІэм итщ дунейр Алыхьым зэриухуари, щЫхур кьыззэригъэщІари, зэригъэлІэжьнури, кьемэт махуэм аргуэру кьыззэригъэхьужьнури.

Алыхь Иным кьытхуригъэха КъурІэн лъапІэр зэхэтщ:

джуз 30-у,
сури 114-у,
Іэят 6236-уэ,
псалъэ 77439-уэ.

Дэтхэнэ сурэри Іэятурэ зэхэгъэувэжащ. Іэятыр - ар усэ едзыгъуэу е зы жыІэгъуэу кьыбгурыІуэ хьунущ.

Сурэхэр я инагъкІэ зэхуэдэкъым. Абыхэм яхэтщ Іэяти 3-6 нэхъыбэ мыхъухэри, 286-м нэсхэри.

Алыхьталэм и пащхьэм кьикІа КъурІэныр кьызэІуех «Альфатихъэ» («Пэублэ») сурэмкІэ. Зэриухыр «Іэннас» («ЦІыхухэр») Іыхьэращ.

Іэят зыбжанэурэ кьыхуехыурэ, КъурІэн лъапІэр бегъымбарым кьылъэІэсащ илъэс 23-кІэ. Мусылъмэн диным теухуауэ Алыхьым кьыбгъэдэкІыу псалъэхэр Мухьэммэд бегъымбарым и деж кьэзыхьэсар Джэбрэил мелЫычырщ.

Тхьэм и лЫыкІуэм кьеджэкІэрэ тхэкІэрэ ищІэргэкъым, ауэ икьукІэ гурыхуэт. МелЫычым кьыжриІэ псалъэхэр и гум иригубыдэрти, ахэр щІыхухэм ябгъэдилъхьэжырт. ИтІанэ кьалэн зыщащІахэм ятхыжырт.

КъурІэн лъапІэм и зэхэтлЫкІэр езы Алыхьталэм и Іэмыркіэ убзыхуа хъуащ. Бегъымбарыр дунейм ехыжа нэужь, мусылъмэнхэм хьалиф яхуэхъуа Іэбу-Бэкыр и унафэкІэ тхыгъэхэр зы кьэмынэу зэхуахьэжьауэ ящІащ. Псалъэ лъапІэу кьеха псори зэрызэкІэлъыкІуэм тету зы иригъэщІащ ещанэ хьалиф Хьусмэн. А тхылъращ иджы диІэ КъурІэныр.

Ящэ дыдэ Іэяту кьехар мыращ: «Іыкърэ бысми ррбикэл лэзи хьэлэкъ...». Абы къокІ: «Тхьэ лъапІэу укъзыгъэщІам и щІэкІэ кьеджэ...».

Мусылъмэн диныр щІэныгъэм зэрыхущІэкъуар абы кьеГъэлъагъуэ. Иужьрей Іэяту бегъымбарым кьыхуехар мыращ: «Алеумэ Іэкмэлту лэкум ди нэкум уэ Іэтмэмту хьэлейкум нихьмэти...». АдыгэбзэкІэ абы и мыхьэнэр: «Нобэ фи диныр кьыфІэзгъэІэсащ и кІэм нэсу, си нихьмэтри (фІыщІэри) абыкІэ сухащ...». Ар щызэхахьм мусылъмэнхэр гуфІащ, диныр ирикъуу кьаззэрылъэІэсам папщІэ. Ауэ Іэбу-Бэкыр гъащ. «ЩхьэугъуІ?» - жаІэу щеупщІам кьахуиІуэтащ: «И кьалэныр иухащи, бегъымбарыр куэдрэ псэужьнукъым. Аращ сыщІэгъыр».

Іэбу-Бэкыр зэрыжиІауэ, Мухьэммэд бегъымбарыр куэд дэмыкІыу дунейм ехыжащ.

И мыхьэнэшхуэр кьалъытэри, КъурІэн лъапІэр бзэ куэдкІэ зэрадзэкІащ. Ар адыгэбзэкІи дунейм кьытехьащ.

Алыхьталэм и псалъэ Іущхэр зэрыт ФІыщІагъэ лъапІэр уи инагъуэ илъыну псапэщ, абы укъемыджэфми.

● Духьэхэр

Уи псэр щыгузавэм деж жыпІэнухэр

♦Бисмиллахьир рахьманир рэхьим, Іуулаікэ гъэлэйхьим щэлэтун мин рэббихьим узрэхьмэтун уэІуулаікэ хьумул мэхьтэдун *(КъурІэн, сурэ 2, Іэят 156-157).*

♦Бисмиллахьир рахьманир рэхьим, яІэюхьэл лэзинэ Іамэну латэкъулу рагьина уэкъуулун зурна уэсмэгъу уэлил кафирин гьэзабун Іэлим. *(КъурІэн, сурэ 2, Іэят 104).*

ФокІадэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	4.59	6.29	13.16	16.59	19.42	21.22
2, блыщхьэ	5.00	6.30	13.16	16.58	19.40	21.20
3, гъубж	5.01	6.31	13.15	16.57	19.38	21.18
4, бэрэжьей	5.02	6.32	13.15	16.56	19.36	21.16
5, махуэку	5.03	6.33	13.15	16.55	19.35	21.15
6, мэрем	5.04	6.34	13.15	16.54	19.33	21.13
7, щэбэт	5.05	6.35	13.14	16.52	19.31	21.11
8, тхьэмахуэ	5.06	6.36	13.14	16.51	19.29	21.09
9, блыщхьэ	5.07	6.37	13.13	16.50	19.28	21.08
10, гъубж	5.09	6.39	13.13	16.49	19.26	21.06
11, бэрэжьей	5.10	6.40	13.13	16.48	19.24	21.04
12, махуэку	5.11	6.41	13.12	16.47	19.22	21.02
13, мэрем	5.12	6.42	13.12	16.46	19.20	21.00
14, щэбэт	5.13	6.43	13.12	16.44	19.18	20.58
15, тхьэмахуэ	5.14	6.44	13.11	16.43	19.17	20.57
16, блыщхьэ	5.15	6.45	13.11	16.42	19.15	20.55
17, гъубж	5.16	6.46	13.11	16.41	19.13	20.53
18, бэрэжьей	5.17	6.47	13.10	16.39	19.11	20.51
19, махуэку	5.19	6.49	13.10	16.38	19.09	20.49
20, мэрем	5.20	6.50	13.10	16.37	19.08	20.48
21, щэбэт	5.21	6.51	13.09	16.36	19.06	20.46
22, тхьэмахуэ	5.22	6.52	13.09	16.34	19.04	20.44
23, блыщхьэ	5.23	6.53	13.09	16.33	19.02	20.42
24, гъубж	5.24	6.54	13.08	16.32	19.00	20.40
25, бэрэжьей	5.25	6.55	13.08	16.31	18.58	20.38
26, махуэку	5.26	6.56	13.07	16.29	18.57	20.37
27, мэрем	5.28	6.58	13.07	16.28	18.55	20.35
28, щэбэт	5.29	6.59	13.07	16.27	18.53	20.33
29, тхьэмахуэ	5.30	7.00	13.06	16.25	18.51	20.31
30, блыщхьэ	5.31	7.01	13.06	16.24	18.49	20.29

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

●Зэхьэзэ-

Ираныр хьэзыр?

Ислъам зэдэщІынигъэм и III Дунейпсо спорт джэгухэр Ираным иригъэблэгъэну хьэзырщ. Абы теухуа тхыгъэ а къэралым и Олимп комитетым Ислъам зэдэщІынигъэм и дунейпсо федерацэм игъэхьащ.

МЫ СПОРТ зэхьэзэхуэхэр Индонезием щрагъэкІуэкІыну нэхьапэІуэкІэ трауху ауэ щытащ. Арщхьэкіэ абы зэрыхуэмыгъэкьаруунур кьыщащІэм, нэгъуэщІ кьэлъыхьуэн щІадзащ.

«Ираным Ислъам зэдэщІынигъэм и III Дунейпсо спорт джэгухэр иригъэблэгъэну хьэзырщ, - жиІащ а къэралым и Лъэпкъ Олимп комитетым и Іэтащхьэ Асфар-заде Бахьрам. - ЗэкІэ ди жэрдэмыр кьызэгъэпэщащІуэхэм яфІэфІыщакъым, ауэ икІэмикІэжым ар кьыддаІыгъыну дыщогугъ».

Сэрмакъ къуажащхэм дэт кхъэм Лыджыдэ Асльэн езым и мылькум кьыхэкІыу щригъэщІа егъэзыпІэр Іэхунтльэхунтщ икІи екІуэ. Дунейр щыуэлбанэми щыхуабэ дыдэми абы зыщІагъэззэгъэфынущ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ зи узышнагъэр мытэмэмхэр. Нэмэз щІыпІэ пэщи кхъэм зэрыщыІэбэну Іэмэнсымэхэр щагъэтІылъыну щІыпІи ухуэныгъэм хэтщ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

● ЩІЭ

«Іуащхьэмахуэр» куэдым ялъоІэс



«Іуащхьэмахуэ» журналым и еплІанэ номерыр (2013 гъэ) дунейм кьытехьащ.

НОБЭ тхэмытыж ди нэхьыжьыфІхэм я деж къыщыщІэдзауэ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я деж щиухыжу, мы кьыдэкІыгъуэм Іуэхугъуэ куэд кьыэщІеубыдэ.

ТхакІуэ щэджащэ, щІэныгъэлІ Іэзэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Нало Заур псэужамэ, и ныбжьыр ильэс 85-рэ иракъунут. «ЩІыхь зыхуэфащэхэр» Іыхьэм щІэту журналым тридзащ Налом тепсэлъыхьу филологие щІэныгъэхэм я кандидат Кьэжэр Хьэмид итха «МыкІуэдыжьын Іэужь», филологие щІэныгъэхэм я доктор Гъут Іэдэм и Іэдакъэщ1экІ «ЩІэныгъэлІыр, джэгуакІуэр, лъэпкыр» тхыгъэхэр, Заур и новеллэхэм ящыщу «Дыгъэ шыр», «Мэракіуашхэ» жыхуиІэхэр.

Еджагъэшхуэ Хьумахуэ Мухьэдин кьыэралъхуэр ильэс 85-рэ зэрыхъум теухуауэ филологие щІэныгъэхэм я доктор Бищіо Борис итха «ТфІэкІуэдар кьыщыгурыІуэжьи...» тхыгъэри тетщ иужьрей кьыдэкІыгъуэм.

Бищіом зэпкърех Къумахуэ Мухьэдин адыгэхэм я бзэщІэныгъэм ирищІэкІа лэжьыгъэшхэхэмрэ абыхэм я мыхьэнэр зыхуэдизымрэ.

Журналым тредзэ сабий усакІуэ гъуэзджэ Афіэунэ Лиуан кьыэралъхуэрэ ильэс 75-рэ зэрыхъуам ехьэлІа тхыгъэхэри. Дунейм ехыжа я ныбжьэгъум и гъащІэмрэ гуащІэмрэ тотхыкь Бещтокъуэ Хьэбасрэ Уэрэзей Афликрэ. АдэкІэ «Іуащхьэмахуэм» щыгъуазэ фещІ Елгъэр Кашиф итха «Лъагъуныгъэм и бзэ» повестым, Уэрэзей Афлик и усэхэм.

Мысырым щыщ Юсеф-ас-Сибаи и роман «ФитІнэ лъапсэ» жыхуиІэм щыщ пычыгъуэхэм я кІэухыр тетщ «Іуащхьэмахуэм».

«Щыхьэт тохьу» тхыгъэм Кьэрмокьуэ Хьэмид щытопсэльыхь лыхь (поляк) зауэлІ Лапинский Теофил, и лъэпкъгъу гупышхуэ и гъусэу, 1857 - 1859 гъэхэм Щэрджэсым зэрыщызэуам, адыгэхэм зэрадэІэпыкьуам.

Апхуэдэуи щІэджыкІакІуэхэм яфІэгъэщІэгъуэн хьунщ тхакІуэ ныбжьыщІэ Жамбэч Рабия проозу итха усэхэр, Балэ Людмилэ «Егъэджэныгъэм и Іэмалыщ1эхэр» зыфІища тхыгъэр.

«Фэ фыщыгъуазэ?» Іыхьэм кьыщыфІыхунщ языныкьуэ кьэкІыгъэхэм адыгэхэр зэреджэу щІэныгъэлІ Хьэкъун Барэсбий зэхуихьэсыжа фІэщыгъэщІэхэм.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

Уафэр зи плъапІэхэр

Прохладнэ район щІыпІэ администрацэм Ульяновск къуажэм и гъунапкъэм щыІэ аэродромыр «Парашют спортымкІэ федерацэ» щІыналъэ жылагъуэ зэтухьэныгъэм иритынущ.

Прохладнэ куейм разрядзиІэ парашютист 25-рэ илъэс къэс щагъэхьэзырыну я мурадщ. КъищынэмыщІауэ, къхъухьэтэзехуэ Іуэхум хуеджэну хуейхэм апхуэдэ Іэмал яІэнущ.

Район администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и къудамэм и унафэщІ Куценкэ Анатолэ зэрыжиІэмкІэ, федерацэм и лэжьыгъэм мыхьэнэщхуэ иІэщ дзэм къулыкъу щащІэным, хэкур фІыуэ яІаГъуу къытщІэхъуэщІэблэр гъэсэным теухуауэ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм кхъухьлъатэ тІысыпІэм узынщагъэр щрагъэфІакІуэ спорт лагерь щылажьэнущ. Абы класс нэхьыжьхэм щеджэ школакІуэ 50-м щІигъум дзэм епха Іуэхухэм зыщыхуагъэсэфынущ.

ГЛАШКОВЭ Еленэ.

● Футбол

Жэбэтырым бжьыпэр еубыдыж

Ди республикэм футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІа иужьрей джагуГъуэм Тырныауз и «Эльбрус»-м и гъуэм топищ зэуэ щыдигъэкІри, гъуащхьауэхэм я зэпеуам бжьыпэр щиубыджащ Щэрэдж Ищхъэрэм и «Къэбэрдейм» и пашэ Жэбэтыр Ратмир.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ пашэныгъэр щызыІыгъ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м и стадионым «Къэхъуныр» бжьигъэщхуэкІэ щыхигъэщІащ икІи и бжьыпэр игъэбыдащ. Абы зыкъыкІэримыгъэхуну хущІокъу мыгъэрей зэхьэзэхуэм топи 100 щыдзэзыгъэкІа «Бахьсэныр». А бжьигъэ дахэр бахьсэндэсхэм Щэджэм ЕтІуанэ къуажэм щрагъэкъуащ.

Йджы щыгъуазэ фыхуэтщынщ Къэбэрдей-Балькъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм иужьу щекІуэкІа зэІущІэхэм къаирикІуа бжьыгъэхэм: **«Шагъдий»** (Налшык) - **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **1:1, «ГидроЭС»** (Налшык) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **2:4, «Къэбэрдей»** (Щэрэдж Ищхъэрэ) - **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **7:1, «ДЕР»** (Щхьэлыкъуэ) - **«СК-Союз-Сэрмакъ»** (Сэрмакъ) - **0:4, «ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **5:1, «Щэджэм-2»** (Щэджэм ЕтІуанэ) - **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **2:5, «Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **0:1.**

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балькъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «ЛогоВАЗ»	23	18	2	3	69-34	56
2. «Бахьсэн»	23	17	2	4	100-45	53
3. «Кэнжэ»	22	16	2	4	60-36	50
4. «ГидроЭС»	23	14	2	7	45-31	44
5. «Къэхъун»	23	12	5	6	53-44	41
6. «Автозапчасть»	23	12	4	7	64-45	40
7. «Прохладнэ»	23	10	7	6	40-24	37
8. «Спартак-Д»	21	10	5	6	55-38	35
9. «Къэбэрдей»	23	10	3	10	59-58	33
10. «Щэджэм-2»	23	9	4	10	46-61	31
11. «Велес»	22	6	8	8	40-43	26
12. «Нарт»	22	6	5	11	36-52	23
13. «Шагъдий»	23	6	5	12	41-62	23
14. «СК-Союз-Сэрмакъ»	23	6	3	14	39-68	21
15. «Эльбрус»	23	6	2	15	38-61	20
16. «Ислъэмей»	23	5	5	13	41-48	20
17. «Тэрч»	22	5	1	16	55-82	16
18. «ДЕР»	23	2	3	18	33-82	9

●Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Мы сурэтыр Шотландием щыщ сэр Уильям Аллан (1782 - 1850) ищІащ. Ар а къэралым щыІэ Художествэхэмкі академием и тхьэмадуу лэжьащ. Уильям Урысей пащтыхьыгъуэм ильэси 8 щигъэжІауэ, А зэманым кьриубыдэу, Кьрымымрэ Кавказымрэ кьызэикІухьуэр, лэжьыгъэ кушІафІэ куэд зэхуихьэсащ, и Іэщ1агъэм кьыщигъэсбныну.

1814 гъэм, Эдинбург игъэжа иужь, тхакІуэ щІэрыІуэ Скотт Вальтер и фІыгъэкІэ гиней 1000-кІэ ищІу щыгъащ нобэ теддзэ **«Адыгэ тхьэмадэхэмрэ абыхэм я гъэхэмрэ» *(1820 гъэ)* сурэтыр.**

Мы сурэтым щывольагъу адыгэщым и гъэрхэр Истамбыл щыхуэхэр щащэ и бзэрым кьызэришар. Нэхъ жыжьэу кьыщытщ абы и дэІэпыкьуэгъури. Бзэрыр сультІан Ахьмэд Ещанэм и мэжджытышхуэм пэгъунэгъущ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Нартсанэ и щІыпІэ дахэхэр ирагъэлъагъу

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министерствэм гъэ елжэгъуэщІэм и пэ кьихуэу псапащІэ Іуэху иригъэкІуэкІащ. Абы кьыхэкІа мытькумкІэ республикэм и районхэм, кьалэхэм щыпсэу сабий 45-м щІигъу Партсанэ зыплъыхьакІуэ яиащ. Ахэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ лагерхэм, санаторэхэм зыщызымыгъэпсэхуфахэрщ - унагъуэшхуэхэм, хуэмыщІахэм, щытыкІэ гугъу кьихутахэм кьаХэкІа сабийхэрщ.

ЗЫПЛЪЫХЬАКІУЭ яшэ сабийхэр ирагъэжащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт ЗЫрысей зэкъуэтполитикэ партым и щІыналъэ кьудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Канунниковэ Татьянэрэ. Ахэр сабийхэм кьэблагъэ гъэджэгъуэщІэмкІэ ехъуэхъуащ, ехъулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэу, гъащІэм нэжэгужэу зэтынну кьыхураджащ.

- Дэ дыхэйщ фэ нобэ ныбжьэгъу фызэхуэхъуну, фІыуэ зыигъэпсэхуну, ди щІыпІэ дахэхэр зэвгъэпъагъуну, - жиІащ Тюбеев Альберт. - Догутъэ дыкъэзыухъурехь дахагъэ псор зэвгъэпъагъуфынымкІэ Іэмал нэхъыбэ дяпэкІэ фиІэну, фыкъыщыхъуа щІынальэр фІыуэ фтъагъуу, ар вгъэлъапІэу фыпсэуну ди гуапэщ.

Пьыбжьыщ1эхэм Нартсанэ дэт жыг хадэ цІэрыІуэм зыщапІтыхьащ, кьалэм щагъэува щэнхабзэ фэеплъхэр ирагъэхъэгъуащ, мыбы щыпсэуа цыху цІэрыІуэхэм я хъыбархэм щІагъэдэІуащ. Псом хуэмыдэу сабийхэм гукъинэжь ящыхьащ хыкхъуэхэр щаІыгъ щІыпІэр, абы щалъэгъуа тепльэгъуэр.

Сабийхэм фэеплъ сурэтхэр куэду зытрагъэхащ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.



Лъэпкъ зэхуэсым фыкъеблагъэ!

Фокіалэм и 12-м Налшык и Театр щхІуанІэ

Щыщ1ылэзэнур сыхьэт 19.00-рщ

«КъедаІуэ, адыгэ, къежьу ди уэрэдым»

Хэтынухэр:

Сокъур Ольгэ, Дзыбэ Мухьэмэд, НэщІэс Анжеликэ, Тхьэгъэлэдж Мурат, Даур Иринэ, Елдар Айдамир, Тхьэгъэлэдж Светланэ, ЦокІыл Азэмэт, Асльэн Іэсият, Уэзрокьуэ Чэрим, Кърым Иринэ, Гуэнгъэпщ Артур, Мамбэт Мадинэ, ТхьэкІумащІэ Асльэн, Багъ Любовь, Тэрчокьуэ Алим, Тхьэзэпль Залинэ, ДыщэкІ Артур, Мэз Джульеттэ, КІэрэф Иннэ, Щоджэн Аминэ, Къуныжь Алим, Мэшыкьуэ Феня, Щэрмэт Людмилэ, Балькъэр Юрий, Тхьэщыгъуей Жаннэ, Дым Елдар, КІэхумахуэ ФатІимэ, кьафэмкІэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр (КъБР), кьафэмкІэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблыр (АР), кьафэмкІэ «Меркурий» театрыр (КъШР), «Маленький джигит» ансамблыр, Сирием, Иорданием, Тыркум щыщ артистхэр.

Щыхуэзэ хьэбар сеГъэщІэныкІэ дэІэпыкуэгъу хуэхэр:

ВГТРК НОТР ТНТ

Гуэзвэгъуэ хэхуа ди къуэшхэм дадэвгъэІэпыкъу!

●Узэкъуэтмэ - улъэщщ

Сирие Хьэрып Республикэм щекІуэкІ зауэм и зэран зэкІа ди лъэпкъгъуэхэм защІэгъакьуэхэм ярадзкІэ, Урысей Сбербанкым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэ №8631-м счет хэха кьыщыгъэІуахащ. Ди кьуэш-шыпхъуэхэм ядэІэпыкьуну хуей дэтхэнэми мы счетым ахъщэ илъхьэ хьунущ:

ИНН 0711040610/ КПП 072101001

Расчетный счет 40703810603300000227
БИК 040702660
Корсчет 30101810600000000660
Кабардино-Балкарское ОСБ №8631, г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33а/72

Адыгэ псори фыкъыхуходзэ: Іуэхуфі влэжьыным фепІэщІэкІ! Фи дэтхэнэ сомри иджыпсту дэхуэха ди лъэпкъгъуэхэм сэбэп зэрахьэхьунум щэч кьыхтемыльэ. Абы хэм даэзрыкьуэувэным, зэрызащІэдгъэкьуэным Іэмалу щыІэр кьыхуэдвгъэгъэсэбэнІ! Ди нэхъыжьыфІхэм купщІэшхуэ халъхьащ «Узэкъуэтмэ - улъэщщІ» псалъэхэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я союзым и правленэр Урысейм и ТхакІуэхэм я союзым хэт **Абазэ Албэч Чамир и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Абазэ Хьэзиэт Мухьэб и пхъур** зэрылІам кьыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЦЭ Мухьэмэд

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинм и уэрам, 5, ебгъуанэ-епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ писымохмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытекъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и щІэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитынигъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и щэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** редактору **Хьэжыкъарэ Алик,** корректорхэу **Мырзэкъан ФатІимэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*. ***КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ*** **Дол Маринэ, Ныр Сандэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.813 ● Заказ №2205